

## ЦАРДИ ЕУЕТÆ ЦÆРГÆ КÆНУНЦÆ, ИННЕТÆ БА – ГЪЕЗÆМАРÆ!..

*Иван ПАВЛОВ (1849-1936), физиолог, Нобели премий лауреат: «Адæймагæн æ бон æй сæдæ анзи цæрун. Фал хебæлхуæцгæ ке нæ ан, æгъдау æма нæмæ уагæ ке нæййес, нæ бауæрмæ ке нæ зелæн, зæууати уавæрмæ ‘й ке æруадзæн, уомæ гæсгæ нæ царди бæнттæ цубур кæнæн нæхуæдтæ...» Æвæдзи, уомæ гæсгæ фæззæгъунцæ, гъома, еу адæймаг дæр æстауни аккаг нæй, алли адæймаг дæр æхе фудæй исуй тæрегъæддаг...*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№28 (854) 2022 анзи 22 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман
















# КАВКАЗБÆЛ ТУГЪДИ ЗНАГ БÆРЗÆЙСАСТ ФÆЦÆЙ...

Аци мæйи цуппаринсæйгай æнзтæ æнхæст кæнуй Устур Фидибæстон тугъди ахсгиагдæр цаутæй дууебæл – 1942 анзи 17 июли райдæдта Сталингради тох (дууæ фæлтæремæй: 1942 анзи 17 июлæй 18 ноябри уæнгæ цудæй гъæуайгæнæн, 1942 анзи 19 ноябрæй 1943 анзи 2 феврали уæнгæ ба размæмпурсæн операцитæ). Еци анз 25 июли ба райдæдта Кавказбæл тох (е дæр дууæ фæлтæремæй: 1942 анзи 25 июлæй 31 декабри уæнгæ – гъæуайгæнæн, 1943 анзи 1 январæй 9 октябри уæнгæ ба размæмпурсæн операцитæ). Аци дууæ тугъдон цауи кæрæдзей хæццæ æнгон баст адтæнцæ. Зундгонд куд æй, уотемæй немуцаг-фашистон æрдонгтæ сæ бицъинæг æскъудтонцæ, цæмæй Кавказ æнæгъæнæйдæр сæ дæлбарæ бацайдæ, Фæскавкази æрдзон хæзнатæбæл фæххуæст адтайуонцæ. Æма уой туххæй нæдæр тугъдон фæрæзнитæй, нæдæр сæ тугъдонтæй нецæбæл аурстонцæ. Фал сæ фудвæндитæй фæффудевгед æнцæ. Сурх Æфсад син уæхæн тухгин нихкъуæрд равардта æма фæлледзæги æнцæ Цæгат Кавказæй. Уомæн агъазгæнæг фæцæй немуцаг-фашистон æрдонгтæн Сталингради рæбун тугъдтити ци бæрзæйсæттæн цæфтæ никкодтонцæ, е дæр.

Кавкази Сурх Æфсадæн ци уæлахез бантæстæй, е хуæрзæрдæмæ фæббæрæг æй, Сталингради тугъди дæр знаги æфсæдти ниддæрæн кæнуни гъуддагбæл.

Кавказбæл тугъд æма си Сурх Æфсади фæуууæлахези ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау иссæй, уомæн берæ æвдесæнтæ æрхæссун æнгъезуй. Уонæй еу æй е дæр, æма ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указæй 1944 анзи 1 майи сæрмагондæй нисангонд æрцудæй майдан «Кавказ багъæуай кæнуни туххæй», æма ‘й исаккаг кодтонцæ æхсæзсæдæ мин адæймагемæй фулдæремæн. Берæ æфсæддон хæйттæ æма еугæндтитæн лæвæрд æрцудæй цитгин нæмттæ Анапæйаг, Кубайнаг, Новороссийскаг, Тамаскаг, Темрюкаг…

Кавказбæл тохи бæлвурддæрæй ба Цæгат Иристони зæнхæбæл ци тугъдтитæ цудæй, уой туххæй æрмæгутæ, куд нури уæнгæ, уотæ идарддæр дæр мухур кæндзинан нæ газети. Æма уæ абони идарддæр зонгæ кæнæн Кавкази тохи рæстæг номдзуд æфсæддон разамонгутæй еу, Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-лейтенант Иван Рослыйи имисуйнæгти хæццæ (5-аг фарсбæл).

## ИМИСÆН



### НАМУСÆН ИГУРД АДТÆЙ, НАМУСГИНÆЙ ЦАРДÆЙ...

Номдзуд немуцаг финсæг Иоганн Гете уотæ финста: «Хе базонæн кутемæй ес? Æнцад косгæй нæ, фал архайди фæрци. Дæ ихæс исæнхæст кæнунмæ бавналæ æма базондзæнæ, ци дæмæ ес, ци æй дæ бон, уой…» Аци зундгин фæдзæхст лескейнаг лæхъуæн Хайти Моисейи фурт Лазæр фегъустайдæ æви нæ, уой нæ зонæн, фал нæ бон æй уой зæгъун, æма æ царди хабæрттæ аразта раст еци гъудимæ гæсгæ. Æма абони кæд не ‘хсæн нæбал æй, уæддæр ин æ рохс ном дзиллæ имисунцæ, æ карни хабæрттæ ин ракæнунцæ кæстæртæн, цæмæй æй етæ дæр фæнзонцæ, рæстзæрдæй æма æнтæстгинæй аразонцæ сæ цардиуагæ.

Абони мах дæр имисæн нæ адæми номдзуд лæгтæй еу, Хайти Лазæри – уой туххæй æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

## АРФИАГ ГЪУДДАГ




### РÆСТЗÆРДÆЙ КÆРÆДЗЕЙ ЗОНУН – ХУÆРЗАГАДÆ!..

Раздæр ма куд игъосун кодтан, уотемæй цалдæр боней дæргъи (11-17 июльмæ) нæ республики арæзт æрцудæй цæмæдессаг мадзал – блог-тур «Дæ Иристон». Архайдтонцæ си нæ бæсти алли регионтæй æрбацæуæг блогертæ. Æ нисанеуæг адтæй – медбæстон туризм парахат кæнун æма социалон хизæгти фæрци Цæгат Кавкази æрдзон, культурон æма историон циртдзæвæнти туххæй хабæрттæ Уæрæсей æма дуйней алли рауæнти цæрæг адæмтæмæ хъæртун кæнуни куст фæййахедгæдæр кæнун.

Аци мадзали туххæй æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

***Сæйгæ адæмæн лæвар хуастæ дæттунæн æма æндæр гъæугæ медицинон фæрæзнитæ æлхæнунæн федералон бюджет радех кæндзæнæй 3 миллиард соми. Цæгат Иристонæн си рахай кæндзæнæнцæ 12 миллион сомемæй фулдæр. Уонæй ма адæми льготон къуæрттæн дæтдзæнæнцæ сæрмагонд дзæбæхгæнæн хуаллаг дæр.***



**КУЦУКТИ Анзор, республики арæздадæ æма архитектури министри фиццаг хуæдæййевæг**

**ЦУБУРДЗУРДÆЙ...**

– Аци анз бундорон цалцæггæнæн куститæ цæудзæнæнцæ республики 44 скъолайеми, уонæй 11 – Дзæуæгигъæуи, 33 ба – районти. Аци скъолатæй нæудæсеми еци куститæ гъæуама фæуунцæ 1 ноябрьмæ. Иннетими ба кустити фиццаг кезу фæуудзæнæй 1 сентябрьмæ, кæрæй-кæронмæ ба цæттæ удзæнæнцæ 2023 анзи октябрьмæ. Цæмæй скъоладзаутæ сæхе скъолати сæ ахури нæуæг анз аккаг уавæрти райдайунцæ уой туххæй арæзт æрцæудзæнæй аккаг уавæртæ.



Аци бæнтти Цæгат Иристони поликлиникитæ ефтонг цæунцæ 14 нæуæг медицинон техникæй. Уони номхигъди æнцæ: ультразвуки диагностики аппараттæ, офтальмологон тонометртæ, эндоскопти дезинфекций фæрæзнитæ æма æндæртæ. Аци анзи дæргъи республики поликлиникитæмæ лæвæрд æрцæудзæнæй нæуæг медицинон техники 54 фæрæзни. Уой туххæй дехгонд æрцудæй 370 миллион соми.



Зундгонд куд æй, уотемæй 10-11 сентябри рацæудзæнæнцæ æвзурститæ. Уой фæдбæл нæ республики, куд нисангонд цæуй, уотемæй байгон удзæнæй 335 æвзарæн участоки æма 10 территориалон къамиси, уой хæццæ ба ма 19 рæстæгмæ æвзарæн участокки, нæ республики рæстæгмæ ка 'й, уонæн: еу – слестгæнæн изолятори, 17 – медицинон косæндæнтти, еу – æфсæддон хайи. Нæ республики æвзаргути бæрцæ 1 июльмæ иссæй 515774 адæймаги.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

***

Еумæйагахурадон скъолати къласти разамонгутæн аллимæйон феддонтæн аци анз федералон бюджетæй дехгонд æрцæудзæнæй 74,9 миллиард соми. Уонæй Цæгат Иристон райсдзæнæй 955 миллион соми. Уонæй аци анз – 317 мин соми, иннæ хай ба – иннæ анзи. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма къласти разамонгутæн алли мæйæ дæр уæлæнхасæн феддон удзæнæй 5 мин соми.

***

**Цæгат Иристони идарддæр цæуй астæуккаг профессионалон ахуради косæндæнттæмæ фæлварæнтæ дæттуни архайд. Уонæми аци анз бюджетон бунæтти бæрцæ удзæнæй æртæ минемæй фулдæр – раздæри æнзти хæццæ рабаргæй, дууинсæй процентти фулдæр.**

***

Дзæуæгигъæуи 18 июлæй фæстæмæ дæттун байдæдтонцæ сувæллæнттæ муниципалон рæвдауæндæнттæмæ барветуни туххæй æвдесæндæртæ. Райсæн сæ ес Леонови гъæунги 4-аг бæстихайии. Адæм кезуй берæ рæстæг цæмæй ма лæуунцæ, уой туххæй алли рæвдауæндонæн дæр æвдесæндæртæ есунæн ес бæлвурд бонтæ æма афонæ. Аци анз Дзæуæгигъæуи æдеугурæй лæвæрд æрцæудзæнæй цуппар мин æвдесæндари.

***

**Проект «Хонсайраг равналæн»-и фæткæмæ гæсгæ Чиколай Уæлахези парки нæ республики фиццаг хатт адтæнцæ æфсæддон патриотон гъæзтитæ. Райони гъæути скъолати минæвæрттæ ерис кодтонцæ Уæрæсей истори зонунæй, догъи ледзунæй, гæрæнти сæрти гæпп кæнун æма æндæр дисциплинитæй. Фæууæлахез æй Чиколай 3-аг скъолай командæ, лескеймаг æма хæзнидойнаг фæсевæд ба байахæстонцæ дуккаг æма æртиккаг бунæттæ.**

***

Цæгат Иристони Тæбæхсаути Балой номбæл паддзахадон академион театри бундорбæл байгон удзæнæй сувæллæнтти скъола-студи. Уордæмæ есдзæнæнцæ 10 сентябри уæнгæ. Ахуртæ ба си райдайдзæнæнцæ 1 октябри æма цæудзæнæнцæ къуæре æртæ хатти.

***

**Цæгат Иристони фиццаг хатт байгон æй Еугуруæрæсеуон сæрдигон скъола «Анзи ахургæнæг». Аци мадзал арæзт цæуй инсæйæймаг хатт. Ка си фæййархайуй, уонæн е æй дессаги равгæ цæмæдесаг адæймæгути æма уони гъæздуг фæлтæрддзийнади хæццæ базонгæ унæн.**

***

Дууадæс æма инсæй анзей размæ Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Совет сахар Орджоникидзейæн раздахта æ раздæри ном – Владикавказ. Уой хæццæ ба ма ин исхæуæг кодта æ историон ном дæр – Дзæуæгигъæу. Еци хъæппæрести хæццæ исарази æй УСФСР-и Сæйраг Совет дæр.



## ÆДЗАРД БÆГЪАТÆРТИ ХУÆРЗЕУГУТÆ – СÆ БИЙНОНТÆН

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** фембалдæй Украини зæнхæбæл сæрмагонд тугъдон операций архайгæй ка фæммард æй, еци æдзард тугъдонти хеуæнтти хæццæ. Æма хъæбæр хъонцгæнгæй син ратæфирфæс кодта. Æ радузбандий загъта:

– Нæ намусгин лæхъуæнтæ се 'фсæддон ихæс исæнхæст кодтонцæ кадгинæй, гъулæггагæн, сæ цæрди аргъæй. Сумах гъæуама сурустур уайтæ уони æхсардзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæй. Етæ сæхецæн равзурстонцæ æфсæддон карнæ, æма нæ Фидибæстæ багъæуай кæнунмæ рацæугæй, сæхе иснивонд кодтонцæ уой æма сæ тугъдон æмбæлтти сæрбæлтау. Махæй, Иристони дзиллæй, сæ рохс нæмттæ иронх некæд удзæнæнцæ.

Æдзард бæгъатæрти хеуæнттæн ратæфирфæс кодта Цæгат Кавказi æфсæддон зилди командæгæнæги бартæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг инæлар-лейтенант **Алибек Делимханов** дæр:

– Сумах исгъомбæл кодтайтæ æцæг тугъдонти, Фидибæстæн хъæболи лæггадæ ка бакодта, уæхæн сахъиргурдти. Арфæ уин кæнун, æма уæбæл амæй фæстæмæ хуарз бонтæ цæуæд.

Сергей Меняйло æма Алибек Делимханов бæгъатæрти хæстæгутæ æма сæ хеуæнттæмæ равардтонцæ, се 'дзард тугъдонтæ хуарзæнхæгонд кæмæй æрцудæнцæ, еци Лæгдзийнади ордентæ.

Республики Сæргълæууæг ма фæббæрæг кодта, муниципалитетти разамундтитæ æма Цæгат Иристони социалон службити ихæс ке 'й æдзард тугъдонти бийнонтæн алливæрсуг агъаз бакæнун.

***Нæ уацхæссæг***

## КÆДÆЙ-УÆДÆЙ КОМПЕНСАЦИТÆ РАЙСТОНЦÆ

ДЗУРДТАГ берæфатерон хæдзæртти хайгай арæзтади архайæг адæми бартæ иснæуæг кæнунæн Цæгат Иристони фæзуатбæл пайда кæнунцæ дзиллон-барадон компани «Фæзуæтти ирæзти фонд»-и гæнæнттæй.

Дзæуæгигъæуи Тогой-фурти гъæунги 22-аг хæдзари туххæй Фонд, фарæ июли рахаста унаффæ республики курдиади бундорбæл объекти арæзтадæ кæронмæ рахъæртун кæнуни куститæ æхцайæй ефтонг кæнуни туххæй. Амунд дзурддаг объект гъæуама арæзт фæууа иннæ анз 4-аг квартали.

Æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Никæ» ке арazta, иннæ еци хæдзари арæзтадон цæттæдзийнади къæпхæн 80 процентемæ ке нæ хъæртуй, уой нимайгæй, «Никæ» ихæсгинæй кæмæй байзадæй, еци адæмæн зиани аргъ бафедуни унаффæ Фонд рахаста фарæ декабри.

Арæзтади архайгути домæнти номхигъдмæ хаст азгъунститæ раттуни туххæй домæнтæ кæмæ ес, еци адæмæн аци анзи 1 феврали зæрани аргъ федун райдæдтонцæ. Хайгай арæзтади архайæг сæдæ адæймагей бартæ нæуæгæй арæзт гъæуама æрцæуонцæ.

Конкурсон разамунддæттæг æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Никæ»-йи игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, нуртæккæ компенсацион феддонти бæрцæ æй 150 миллион соми. Хайгай арæзтади архайæг 74 адæймаги райстонцæ компенсацион феддонтæ.

Хайгай арæзтади архайæг никкидæр ма 12 адæймаги, банк ДОМ.РФ-й арæзий дзуапп райсгæй, феддонтæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ.

Зæгъун гъæуй уой, æма аци анз декабри амунд берæфатерон хæдзарæ дзурддаг объектти еумæйаг номхигъдæй райеуварс кæндзæнæнцæ.

## АГЪАЗГЪÆУАГÆН АГЪАЗ КÆНУН – УОДИ РАДÆ

НÆУÆГ ахури анзи райдайæни кадæн цæгатиристойнаг центр «Мæ бизнес» хуæрзауодæн фонд «Хуарздзийнадæ удзæнæй»-и хæццæ раседтæй акци «Скъоламæ сувæллони бацæттæ кæнæ».

Аци акций ихæс æй скъоламæ сувæллæнтти бацæттæ кæнунæн цубуркъох бийнонтæн фæййагъаз кæнун. Центри бундорбæл ке байгон кодтонцæ, еци æмбурдгæнæн бунати ке райсунцæ, еци дзаумæуттæ – скъоладзауи уæледарæс, портфельтæ æма къæнцилярон товартæ – фæстæдæр комкоммæ уагæй ратдзæнæнцæ агъазгъæуагæ адæмæн.

– Змæлд «Мæ бизнес агъаз кæнуй»-и фæткæмæ гæсгæ хуæрзауодæн куст кæнæн, сахъат сувæллæнттæ æма фæккæсуйнаг бийнонтæн агъаз кæнæн. Зин уавæри бахауæг адæмæн фæййагъаз кæнун ке фæндуй, уони нимæдзæ ирæзуй. Фарæ фонд «Хуарздзийнадæ удзæнæй»-и хæццæ ке исаразтан, еци акцити фæрци дууæ мин бийнонтемæй фулдæрæн фæййагъаз кодтан. Хуæрзауодæн гъуддаги архайæг цæгатиристойнæгтæн – устур арфæ кæнæн, – зæгъуй центр «Мæ бизнес»-и директор **Гаджити Батрадз**.

Фарæ Уæрæсей Экономикон ирæзти министрадæ, æма регионалон центртæ «Мæ бизнес» ке раседтæнцæ, еци змæлд «Мæ бизнес агъаз кæнуй»-и ихæс æй фæккæсуйнаг адæмæн фæййагъаз кæнунмæ амалеуæггæнгути, сæ хъаурitæ син байеу кæнгæй, исразæнгард кæнун. Цæгатиристойнаг центр «Мæ бизнес» акций разæнгардæй ке архайуй, уой туххæй ин фарæ амунд министради хуæрзеуæг равардтонцæ.

Агъаз æмбурд кæнунцæ мæнæ аухæн адресмæ гæсгæ: **Дзæуæгигъæу, Шмулевичи гъæунгæ, 8-б.** Телефон **8-999-833-00-70.**

***ГУРДЗИБЕТИ Зæринæ***



**Цæгат Иристони æма Уæрæсей Федераций науки æскъуæлхт архайæг, историон наукити доктор Кузнецов Владимир Александри фуртбæл 25 июли æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи.**

# «ЦÆГАТ ИРИСТОН ТУРИСТТÆН ЦÆМÆДЕССАГ РАУÆН КЕ ИСУОДЗÆНÆЙ, Е НИ ФЕДАРÆЙ ÆРУАГÆС КÆНУЙ!..»

НÆ РЕСПУБЛИКИ æдеугурæй иуазæгуати адтæй 24 блогери Уæрæсей алли регионтæй – Волгоградæй, Мæскуйæй, Краснодарæй, Стъараполæй, Дагестанæй, Омскæй, Рязанæй, Астраханæй, Удмуртийæй, Калугæй, Ивановой æма Кемеровай облæсттæй, Ямало-Ненецти автономон зилдæй, Республикæ Хъирим æма Севастополæй. Уонæн сæ бафинсгути еумæйаг нимæдзæ æй фондз миллион адæймаги. Къуæрей дæргъи социалон хизæгти блогертæ æвдистонцæ Цæгат Кавказбæл сæ балций хабæрттæ æма сæ бафинсгути зонгæ кодтонцæ Иристони алæмæти рæсугъддзийнæдти хæццæ, æ историй хæццæ, е ‘гъдæутти хæццæ, æ културæ æма туристон маршрутти хæццæ.



Иристони иуазгути балций фæлластонцæ Хъобанмæ, Хъæрмæдони æма Курттати кæмттæмæ. Етæ бабæрæг кодтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Национ музей, Туйгъанти Махарбеги номбæл Аййевæдти музей æма нуриккон исфæлдистади Центр, базонгæ æнцæ паддзахадон академион ансамбль «Алан»-и хæццæ, уæдта син исаразтонцæ ирон къеретæ кæнунæй мастер-класстæ.

Проект исаразæг æй раздзæуæгти æхсæнадон еугонди иуонг Алинæ Гостева, агъазгæнæг ба ин адтæй фæсевæди гъуддæгути фæдбæл Федералон агентадæ æма Республикæ Цæгат Иристон-Аланий туризми Комитет.

Аци мадзали архайгути хæццæ сæрмагондæй фембалдæй нæ республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло. Æ дзубандий райдайæни е нæ æригон иуазгутæн райарфæ кодта сæ разæнгарддзийнади, абони цардмæ кудфæндий цæстæй ке нæ кæсунцæ, уой туххæй.

– Алкедæр уи æвдесуй федар граждайнаг цæстингас, æма ибæл æргомæй дзоретæ, адæммæ ‘й хъæртун кæнетæ. Иристони ци рæсугъд бунæттæ ес, уони фæууидтайтæ уæхе цæститæй, базонгæ айтæ æ берæносон истори æма култури хæццæ, æма уæ балцийæй бозæй ке байзадайтæ, е ми æруагæс кæнуй. Уæ блог-турæн адтæй бæлвурд нисан: раргом кæнун Цæгат Иристони туристон гъомус, æ гæнæнтæ æма сæ хæццæ базонгæ кæнун нæ бæсти алли рауæнти цæрæг адæми. Уæрæсей медæгæ туризм, æцæгæйдæр, æй дессаги дуйней, æ базонунæн кæрон нæййес, фал уæддæр тундзун ба гъæуй, цæмæй уæрæсейæгтæн дессагдæр уа нæхе бæсти медæгæ балци кæнун, фиццагидæр нæхе Фидибæстæ базонун æма ин цæстуарзондæрæй аргъ кæнун, – загъта Сергей Меняйло.

Æ радзубандий ма, республики разамонæг радзурдта, æрæги Цæгат Иристони PRO-Кавказ, зæгъгæ, ци медиафорум адтæй, уой туххæй, æма загъта, иннæ хатт ма уæхæн форум арæзт ку уа, уæд имæ аци блог-тури архайгутæ дæр цæмæй æнæмæнгæ исаккаг кæнонцæ.

– Нуртæкки уæхæн рæстæгутæ ралæудтæй, æма цардарæзти фарстати фæдбæл æхсæнадон гъуди фулдæр æнцойнæ кæнуй социалон хизæгтæбæл. Уомæ гæсгæ ба блогертæ æма традицион дзиллон информацион фæрæзнитæ кæрæдзебæл баст ку уонцæ, уæд е, мæнмæ гæсгæ, алли гъуддагбæл дæр хуарзæрдæмæ фæббæрæг уодзæнæй. Ахсгиаг ба ма е дæр æй, æма уой фæрци Цæгат Кавказ туристон æгъдауæй цæмæдесаг, рæсугъд, зæрдæмæдзæугæ æма иуазæгуарзон регион ке æй, уой фулдæрæй-фулдæр адæм бæлвурддæрæй базондзæнæнцæ. Баруагæс си уодзæнæй нæ æрдзи алæмæти рæсугъддзийнадæ, базонгæ уодзæнæнцæ нæ фæллойнæуарзагæ адæми, нæ федауцæй-федауцæдæр æгъдæуттæ æма фæткити хæццæ, – баханхæ кодта республики Сæргълæуууæг.

Блог-тури архайгутæ, сæ дзубандимæ гæсгæ, æнæрæстæфгæ нæ фæцæнцæ, Цæгат Иристони устур кадæ ке кæнунцæ куд хестæртæн, уотæ силгоймæгтæн æма кæстæртæн дæр, æма зæрдæ байвардтонцæ, сæ бафинсгутæн се ‘ргом Цæгат Иристонмæ ке ‘здахдзæнæнцæ, уомæй.

Дзубанди ма цудæй туристон инфраструктури объекттæ республики аразуни æма аци къабази идарддæри райрæзти хæццæ баст æндæр фарстатæбæл.

Фембæлди кæрони Сергей Меняйло блог-тури архайгутæн исаккаг кодта республики Сæргълæууæги Арфи гæгъæдитæ æма син райарфæ кодта, Цæгат Иристони æрдзон, историон æма културон хуæрзаййевдзийнæдти туххæй игъосункæнуйнæгтæ адæммæ ке хъæртун кæнунцæ æма туризми рапарахатбæл зæрдиагæй ке архайунцæ, уой туххæй.




# СÆЙРАГДÆР – НАЦИОН САБУРДЗИЙНАДÆ

ЦÆГАТ Иристони арæзт æрцудæй фиццаг æхсæнрегионалон фестиваль «Сабурдзийнади территори». Æ архайгутæ иссæнцæ Кæсæг-Балхъари, Хъæрæсе-Черкесий, Цæцæни, Стъараполи, Дагестани, Кемерови, Цæгат æма Хонсар Иристони минæвæрттæ. Форуми нисанеуæг – национ сабурдзийнади райрæзтæн агъазгæнæг мадзæлттæ æма равгитæ исбæлвурд кæнун.

Мадзал исаразæг иссæй нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. Уой сæрдар Фидарати Юрий пленарон æмбурди уотæ загъта:

– Нæ абони царди терроризми темæ æй ахедгæ, гъæуй ибæл дзорун. Нæ сæйраг ихæс – нæ кæстæрти бахезун еци æбуалгъ гъудитæй. Беслæн ка гъуди кæнуй, етæ зонунцæ, ци æй терроризм, уой. Абони цийфæнди дæр гъæуама исаразæн, цæмæй нæ зæнхæ, Кавкази, Уæрæсей æма еугур дуйней сабурдзийнадæй уа хайгин.

Пленарон æмбурди каст æрцудæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуæг Сергей Меняйлой саламдæттæг финстæг, кæцими мадзали архайгутæн адтæй уæхæн фæдзæхст: «Адæми гъуди федаргæнгутæ айтæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгутæ, ес уæбæл устур ихæс æвæрд. Уой хæццæ баст æй журналисти дзубандити ци тухæ æма уæзæ ес, е. Экстремизм æма терроризми хæццæ тохи дæр журналисти бунат æй сæйрагдæртæй еу. Форум-фестиваль уин агъаз уодзæнæй аци фарстатæ хуæздæр базонун æма сæбæл раст косунæн…»

Аци мадзали ахедундзийнадæ æнæмæнгæ æй агъазиау. Фиццагидæр уомæй, æма е æригон журналисттæн æма PR-специалисттæн гъæуама исауа кæрæдзей лæдæрундзийнади æма ахуради фæзуат.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Сирдонæн, дан, æ синхонмæ дессаги хуарз æрхи агæ адтæй. Сирдон си ‘й курдта, фал имæ ‘й нæ лæвардта; æлхæдта си æй, фал ин æй нæ уæйæ кодта. Адтæй нæ адтæй, уæддæр æй бæгæни фицунмæ мæ гъæуй, зæгъгæ, рæстæгмæ исарази кодта. Уæдта ма балхæдта минкъий агæ. Æма ‘й бадзубандигонд рæстæгмæ устур аги хæццæ синхонмæ ку бахаста, уæд æй рафарста:*

*– Аци минкъий агæ ба ке æй?*

*– Дæу, мæ лимæн, дæу,– загъта Сирдон.– Дæ агæ зайуйнаг разиндтæй. Мæ хæдзари низзадæй æма дин æй æд зæнæг æрбахастон.*

*Синхаг бацийнæ кодта, уæхæн æнай-æнойти лæварбæл. Æма анзи фæсте бабæй си Сирдон агæ ку курдта, уæд имæй еци æхцæуæнæй февардта:*

*– Æцæг, æнгъæлдæн, уæззау бабæй æй æма ци низзайа, уой маци фæккæнæ!..*

*– Мæнмæ ин неци уодзæнæй,– зæрдæ ин байвардта Сирдон.*

*Рацудæй берæ рæстæг æма Сирдон ку нæ хаста фæстæмæ агæ, уæд æй синхон фæрсуй:*

*– Дæ хуарзæнхæй, Сирдон, еци агæ цæмæннæ хæссис?*

*– Гъæр кæнун дæр дин æй не ‘ндиудтон, фал рохсаг уæд дæ агæ. Зайуйнаг бабæй адтæй, æма зайгæзайун рамардæй...*

*Гъе уотемæй агæ Сирдонæн байзадæй.*

***

Уой хузæн сайди бунати равзурæн мах дæр, уæрæсейаг хумæтæг фæллойнæгæнæг дзиллæ. Еугурадæмон мулкитæ ке къохти бафтуйунцæ, етæ сæ еци хæлæфæй давунцæ æма давунцæ, махæн ба еци æдзæсгонæй рæуæнттæ кæнунцæ санкцитæ æма ма æндæр хъилматæй. Æма уæд уони фудæй нæ бонгинтæ мæгурдæр нæ, фал никки гъæздугдæр кутемæйти кæнунцæ, хумæтæг адæми уавæртæ ба гæвзугæйгæвзугдæр кæнунцæ?



**Уильям БЛЕЙК (1757-1827), англисаг поэт: «Лæгигъæдæй цауд ка фæууй, е тухгин фæууй хийнæ миутæй...»**

Æцæгæйдæр, мæнæ Уæрæсей цардарæзти гъуддæгутæ еугурæйдæр ке къохти ‘нцæ, етæ сæ сæйрагдæр ихæс – Фидибæстæ æма адæми хуарзæн архайун – æнхæст кæнуни лæгигъæдтæй цауд уогæй, æгæр лæгигъæдгун дæр ма æнцæ гъуддæгутæ сæ хийнæ миути фæрци айдагъдæр сæхе пайдайæн аразунмæ.



**Джонатан СВИФТ (1667-1745), англо-ирландиаг поэт: «Парти æй, беретæ еугæйтти пайдайæн ку исæрра унцæ, уæд е...»**

Еци менеуæг уæлдай хъæбæрдæр рабæрæг уй æвзурстити рæстæг – алли партити фæрци «адæми минæвæрттæ» исунмæ ка фæттундзуй, етæ нин берæ аллихузон хуæрзтæй зæрдитæ бæргæ февæрунцæ, фал сæхеуон сæхердигæй куддæр фæууй, уотæ ба си сæ сомитæ мæрдиронх фæуунцæ...



**Николай ГУБЕНКО (1941-2020), УСФСР-и адæмон артист: «Гъæздугутæн сæ наци дæр æма сæ Фидибæстæ дæр æнцæ æхца æма æфтуйæгтæ...»**

Уæрæсей «нæуæг цардарæзти» ба нæмæ уæхæнттæ æгæрдæр ма исберæ ‘нцæ æма сæ нецæййагдзийнадæ ба уайтæккæдæр раргом æй – фудзæрдæ нæмæ дарæг паддзахæдтæ Уæрæсей нихмæ фудмиутæ аразун куддæр байдæдтонцæ, уотæ сæ «патриотизм» уайтæккæдæр фæццидæр æй, сæ фурмулкдзæстæй гириззаг миутæ кæнунбæл иселлæг æнцæ, сæ фæсарæйнаг даргути ардудæй Уæрæсебæл, «зæнхон хуцæуттæ» си кæми аразтонцæ æма æгæрон уарзтæй дæ уарзæн, зæгъгæ кæмæн сомитæ кодтонцæ, уобæл гадзирахаттæй рацудæнцæ, æ фудкойтæ ин кæнунæй нецæбæл ауæрдунцæ.

**Абазинаг поэт æма драматург Жиров Хамид Дауги фурти райгурдбæл 23 июли æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1912-1972).**

***Уæрæсей Федераций спорти Министрадæ гъавуй, Хъирими, Донецки æма Лугански Адæмон Республикити, Абхазий æма Хонсар Иристони футболон клубтæ дæр кæми архайдзæнæнцæ, уæхæн футболон Лигæ исаразун. Дзубанди цæуй, цæмæй ма имæ бацæуонцæ Херсони, Запорожий æма Уæрæсей уæлдæр ахургæнæндæнтти командитæ дæр.***




# ФУДГÆНÆГÆН Æ ФУДМИУТИ ФУДÆНХÆ ÆХЕБÆЛ ÆРЦÆУЙ...



**БАЛИКЪОТИ Тотраз,**
историон наукити доктор, профессор

СОВЕТОН доги цæргæ кæмæн рауадæй, етæ ма ‘й хъæбæр хуарз гъуди кæнунцæ, нæ бæсти уæди еугур рауæнти дæр адæм, ка кæци адæмихаттæй æма циуавæр динбæл хуæст æй, уой зæрдхæларæй нимайгæй, цæйбæрцæбæл æхцул адтæнцæ кæрæдзебæл, цæйбæрцæбæл цæстуарзонæй кæрæдземæн аргъ кодтонцæ. Уæдмæ нæ кæддæри тухгин Цæдес фехалдæй, æма уомæй уайтæккæдæр фæппайда кодтонцæ, кæми ци æдзæстуарзонтæ адтæй, етæ æма сæ мæстæйдзаг миутæ аразун байдæдтонцæ. Уæди уæнгæ хæларæй æма кæрæдзей лæдæргæй ци адæмтæ цардæнцæ, уони фæккæрæдземæ кæнунбæл архайун байдæдтонцæ. Е дин Гурдзий националистон хилкъахæнтæ, уой фæсте ба Украини нацистти фур æнахъæл фудракæндтитæ...

Еугур адæмихæттити минæвæрттæ, сæ хæццæ ба иристойнæгтæй дæр хъæбæр беретæ, кæддæр хæларæй кæми цардæнцæ, æндæр рауæнтæй æрбацæуæг иуазгути хъæбæр зæрдрохсæй кæми исбоц кæниуонцæ, еци Украини æ нури фудзунд разамонгутæ сæ нигулæйнаг ахъелгути ардудæй ци æверхъаудзийнæдтæ аразунцæ, уой рæстзæрдæ адæймаг нецихузи балæдæрдзæнæй. Адæми зæрдрохс цæстингасæй кæддæри райдзаст Украинæ абони уинæн мæтъæлæй æма сагъæсхузæй, ходун æма игъæлдзæгдзийнадæ си фæццидæр æй. Ке фудæй, ке бæлахæй? Украини разагъди адæймæгутæ Богдан Хмельницкий, Тарас Шевченко, Леся Украинка, Ольгæ Кобылянская æма берæ æндæртæ сæ уодæйуод кодтонцæ, цæмæй сæ Фидибæстæ фæсарæйнаг, уæлдайдæр ба Нигулæни тухгæнгутæй сæребарæ уа æма иннæ адæмти хæццæ æнсувæрдзийнади фæрци араза æ карни хабæрттæ, æ исонибон уа фæрнæйдзаг. Уой фæдбæл адтæй сæ тох аци адæми берæ фæлтæртæн, æма син уомæй ба уæлдай фулдæр æнтæстæй Советон Цæдеси æнсувæрон адæмти хæццæ æмархайди рæстæг.

Уой фæрци, куд фæззæгъунцæ, хиццагæй-хиццагдæрæй ивулдæй цард Украини. Фал уæдмæ, уой размæ дæр Украини берæ фидбилизти ка багæлста, еци Бандерæ æма уой хузæн æндæр «фæтæгти» фæдонтæн – Шушкевичтæ, Зеленскийтæ æма æндæр нæуæг нацисттæн – сæ сæртæ разилдæнцæ æма Хорнигулæни, Америки Еугонд Штатти ардудæй сæ Райгурæн бæстæ дæр (кæд син Украинæ уотæ исхонун æнгъезуй) æма уоми цæрæг адæмти дæр æверхъаудзийнæдти туфулти гæлдзунцæ.

Тарас Шевченко уотæ финста, гъома, Украинæ ке некæд бацæудзæнæй Европæмæ, Украинæй хуæздæр некæми неке ес. Гъо, æрæгити уæнгæ, ку зæгъæн, уотæ адтæй, фал нури украинаг «политиктæн» сæ сæризунд иннердæмæ низзилдæй, сæ бæсти адæмти гъезæмарæ кæнунцæ, сæ тог син калунцæ цалдæр анзей дæргъи. Е политологий, историй хуннуй – геноцид. Тогмондаг Гитлер дæр ма æхе адæми дуйнеуон тугъди азари амæттаг бакодта, уæддæр æй комкоммæ ба ку нæ цагъта.

Украини цитæ цæуй, уобæл зин дзорæн æй, фал сæбæл дзорун ба æнæмæнгæ гъæуй. Уомæн тугъдæндзаргутæ тæссагæй-тæссагдæр уавæрти, зæгъун æнгъезуй, берæ цæмæйдæрти ба исæвди къахбæл æрлæууун кодтонцæ айдагъ Украинæ нæ, фал Европи паддзахæдти дæр. Америки Еугонд Штатти, сæ нурикон «фæтæг» Байдени фудзунд бæлдæй фæндуй æнæгъæнæ дуйебæл дæр æлдареуæг кæнун, цæмæй еугурæйдæр уони унаффæй цæронцæ. Фал си, баруагæс уи уæд, неци рауайдзæнæй. Еу рæстæг куд адтæй, уой хузæн син нур куд нæбал æнтæсуй Уæрæсебæл урсеуæг кæнун, уотæ – Уæрæсе æ Президент Владимир Путини федардзийнади фæрци æгириддæр нецæмæйбал игъосуй сæ дзурдмæ. Нæ зæрдæ федарæй дарæн уобæл, æма Украини дæр уотæ уодзæнæй – украинæгтæ еумæйагæй райсгæй зундгин адæм æнцæ æма сæ бон исуодзæнæй, кæцæйдæр фæсарæнтæй «зундамонгути» унаффитæ сæ æгириддæр нæ багъæудзæнæнцæ, уотемæй сæхе зунди курухондзийнади фæрци сæ карнæ амондгунæй аразун. Богдан Хмельницкий, Тарас Шевченко, Леся Украинка æма иннетæ, æ Фидибæстæ рæстзæрдæй ка уарзта æма æ амонди сæрбæлтау удуæлдайæй ка архайдта, еци патриотти фæдонтæмæ разиндзæнæй нифс æма хъаурæ сæ уарзон Украини раздæри хузæн лимæнæй сабур цард кæнун. Æцæгæй син хуарздзийнадæ ке зæрди ес, еци Уæрæсей хæццæ бастдзийнадæ федар кæнун.

Еци гъуддаг, дзубанди дæр ибæл нæййес, аци бæсти æ сæргъæн разамонгути фудæй фæстаг рæстæгути ци æверхъаудзийнæдтæ æрцудæй, уомæ гæсгæ уоййасæбæл æнцон нæ уодзæнæй. Никки ба ма бæстæбæл хæлæф кæнунцæ Америки Еугонд Штаттæ æма æ хъозæнттæ, ихæсти буни ‘й фæккодтонцæ, сæхе пайдайæн, НАТО-йæн ба иссæй æфсæддон, тугъдон полигон. Зеленский ба, нæуæг ахæст сирд скъæппæги куд рагæпп-багæпп фæккæнуй, уотæ даруй æхе. Украинæ Уæрæсей фæрци ке иссæй цардгъон республикæ, уæдта паддзахадæ, уой феронх æй.

Ном Украинæ фæззиндтæй XIV-аг æноси, хæссуй географион нисан – кæрон, гъæугæрон, региони кæрон… Адтæй Мæскуйаг Украинæ, кæцимæ хаудтæнцæ Брянски, Калуги, Рязани зæнхитæ.

Адтæй литвайаг Украинæ – Полтава, Киев, Блацлав…

Айдагъ Хорнигулæни паддзахæдтæ нæ, фал туркаг æма тæтæйраг къуæрттæ дæр ахид «рабæрæг» кæниуонцæ Украинæ. Ами цардæй берæ дзиуиттæгтæ, фал сæ уацари нæ истонцæ, нæ сæ уæйæ кодтонцæ ихуæрсти, сæ кизгуттæ нæ хаудтæнцæ гаремтæмæ… Еци хабæрттæмæ гæсгæ уотæ уайуй, æма тæтæйрæгтæ зудтонцæ, уацари есгæ ка ‘й, уони.

Украинæ æ гъезæмарæгæнгутæй алкæддæр ергъæв кодта Уæрæсе, уой фæрци рахъæрттæй нури уæнгæ куд паддзахадæ, уотæ.

Еу рæстæг Украинæ адтæй Литвай хай, фал 1569 анзи ба Польшæ æма Литва еу паддзахадæ иссæнцæ, хецауеуæг си кодтонцæ ляхтæ, уой хæццæ ба ма Украини сæхе бæрнæхсти бакодтонцæ. Уæрæсей фарсмæ фæззиндтæй нæуæг хъаурæгин паддзахадæ – Речь Посполитайæ. Украинæ 1919 анзи дæр бабæй бацæй уони. Нæкæси, Польшæ æхуæдæгдæр уой размæ æртæ хатти дехгонд æрцудæй тухгиндæр паддзахæдти ‘хсæн.

Польший бæрнæхсти уогæй, Хорнигулæн Украини æхгæд цудæнцæ украинаг культури артдзæститæ, æхсæнадон организацитæ, ахурадон косæндæнттæ. Зæгъæн, 1919 анзи си адтæй 3600 украинаг скъолай, уонæй 1934-1935 анзмæ ба си байзадæй 457, 1939 анзмæ ба – 200 скъолай.

Люблини унийæмæ (1569 анз) гæсгæ Украини адтæнцæ Киеви æма Полтави губернитæ, Подольскæй хай (Браслави воеводство) æма Черниговай хай. Паддзах Алексей берæ рæстæг нæ хаста æ нифс Запорожий хъазахъæгти æрбайеу кæнунмæ. Уæд Польшæ, Швеци, Турк, Хъирим æма Римаг Парамамæ дæр сæхе фæндитæ адтæй уони туххæй.

Гетман Богдан Переяслови Ради агъоммæ, 1654 анзи æхе худта Приднепровий «уруссаг сæргълæууæг», адæммæ ба фæдздзурдта, цæмæй равзаронцæ еу паддзах – туркаг султанати, хъиримаг хани, польшаг къароли кенæ уруссаг паддзахи. Еци гъуддаг дæр уоййасæбæл æнцон райаразæн нæ адтæй – Украини кадæртæ уруссаги нихмæ адтæнцæ. Уогæ æвддæсæймаг æноси еунæг Украинæ нæ адтæй...

Хъæбæр берæ хæттити уруссаг паддзахæдтæ, ку зæгъæн, байергъæв кæниуонцæ украинæгти знагæй, еумæ дæр тох кодтонцæ сæ нихмæ. Советон доги ба Украинæ иссæй Советон Цæдеси гъæздугдæр республикитæй еу. Европи нæ, фал иннæ паддзахæдти зæрдæ дæр дзурдта æ хæзнатæмæ.

Герман нацисттæн уæлдай ахсгиаг адтæй Украини фарста. 1927 анзи Альфред Розенберг финста Киев æма Берлини еугонди туххæй. Сæ зæрдæ дардтонцæ украинаг национализм æма мæскуйаг большевикон режими фæккæрæдземæ кæнунбæл æма Украинæ Мæскуй «рæхистæй исуæгъди» гъуддаги. Еци Розенберг 1941 анзи 20 июни уотæ загъта: «Германий нисан – украинæгти сæребарæ. Мæскуйаг паддзахадæмæ кæсун гъæуй куд украинаг паддзахади тæссаг знагмæ…»

Гермайнаг нацизми идеолог Йозеф Геббельс ба 1941 анзи 16 июни æ бонуги ниффинста: «Уæрæсей хæццæ æмгустадæй мах ницъцъумур кодтан нæ намуси кодекс... Нур ба мах уомæй нæхе искæдзос кæндзинан...» Уæдта ма гермайнаг фашистон разамунди сосæг фæндæ дæр исгъæр кодта: «Нур ба нæ бон исуодзæнæй еци гъæздуг бæсти хомаги гæнæнтæй æнхæстæй пайда кæнун... Мадта, размæ. Украини гъæздуг будуртæ нæ сæхемæ хонунцæ...»

Уой хæццæ ба сæмæ ардигон адæми сагъæс æгириддæр нæ адтæй – етæ сæ гъудæнцæ куд хумæтæг косгутæ уотæ – сæ фæндæ уотæ адтæй, гъома, саугустæн ес «дзиуиттæгтæ æма польшæгтæ, уæдта украинæгтæ æма уруссæгтæ. Ка нæ кома, уæдта нæ бæзза, уони ба маргæ…»

Æма æцæгæйдæр уотæ рауадæй тугъди æнзти, сæ фæндæ исæнхæст кодтонцæ.

*Æма уой фæдбæл ба мæ дзубанди уодзæнæй мæ иннæ уаци...*



# УОЛÆФТÆ БА – БЕРЛИНИ



**Иван РОСЛЫЙ**
**(1902-1980)**
Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-лейтенант

ХЪОБАНГОММÆ бахезæнтæ æрæхгæнгæй æма идарддæр Гæмæх хонхбæл тохи бацудæй 276-аг фестæг дивизи.

Еу хатт ма 'й зæрдæбæл æрлæууун кæнон: сахар Орджоникидзе гъæуай кодта Медгъуддæгути Адæмон Комиссаради дивизи. Ногирмæ æрбахъæрттæнцæ 10-аг гвардион фестæг корпуси хæйттæ.

Цæгатæрдигæй нæ гъæуайкæнуйнади равгитæ адтæнцæ зингæ лæмæгъдæр. Ами, знаг ку æрбампурста, уæд таги галеу фæрсти, Æрхонкæй хонсарæрдæмæ, тохæрвонгæй лæудтæнцæ 981-аг гвардион артполк, багъæуаги сахатти 6-аг гвардион минометон батарейæ, 47-аг танкитæхсæг хецæн дивизион æма 54-аг пулеметон батальон. Уони рæфти фæстæмæ рагæлстонцæ, Æрхонкæ байахæссунмæ ка гъавта, еци немуцаг фестæг æфсæдти æма танкити къуар.

Куд исбæрæг кодтон, уотемæй Гизæлæй Æрхонкæмæ над гъæуайгонд нæ цæуй, зудтон æндæр гъуддаг дæр: гитлеронтæ æхсæвæ тохун нæ уарзунцæ. Уой хæццæ ба се 'ргом æздæхтæй Орджоникидземæ. Гизæлæй, æвæдзи, сæхе цæттæ кодтонцæ аци сахармæ нимпурстмæ, еци гъуддаг син сæйрагдæр адтæй, уомæ гæсгæ ба иннæ ихæстæ фæффæстæдæр кодтонцæ. Цидæр адтæй, уæддæр над æрæхгæнунбæл байархайун фæстæтæрæгæнæн нæ адтæй.

– Куд нин кæнгæ 'й, Наум Бариси фурт? Бафарстон артиллерий хецауи.

Лифшиц дзуапп уайсахат на равардта. Еуцæйбæрцæдæр рагъуди кæнгæй, загъта æ унаффæ: 62-аг денгизон бригади артиллерион дивизионæй еу батарейæ, уæдта танкитæхсæг дивизион æнæгъæнæй райсæн æма сæ еци надбæл æрæвæрæн.

– Бонæрдæмæ нин æфсад еститæ æрбагæлдздзæнæй, – фæцæй æ дзубанди артиллерий хецау.

– Артиллерийæй фæстæмæ ма 62-аг бригадæй райсун гъæуй, багъæуаги сахаттæн ке даруй, еци фестæг батальон, ами хæстæг, Æрхонки бунмæ лæууй, – Лившици дзубандибæл ма бафтудта Глонти.

– Гъай-гъай, раст зæгъетæ, – исарази дæн æз Лившиц æма Глонтий хæццæ. – Фал еци тухтæ фагæ нæ уодзæнæнцæ. Командæгæнæгæй корун багъæудзæнæй тæккæ минкъийдæр дууæ танкитæхсæг полкки.

Минкъий фæстæдæр мæмæ æрбацудæй оперативон штаби хецау майор Никитæ Власи фурт Минаев. Æ къохти адтæй, æфсади штабæн ке хæста, еци картæ. Знаг ци зæнхæ байахæста, е бæзгин хурст адтæй цъæх къариндасæй. Е мин ме 'ргом æхердæмæ раздахта æма æз дæр, циркуль райсгæй, «цæун» байдæдтон еци рауæнтæбæл, исбарстон син сæ дæргъæ. Рауадæй дууинсæй километри. Рагъуди кодтон, Орджоникидзе ниццæвуни туххæй сæйраг тухтæ Гизæли æрбамбурд кæнгæй, знагæн нæййес, ке ниуурух кодта, æ еци фронти кæрæнттæ зæрдæдаргæ багъæуай кæнуни фадуат. Етæ 'нцæ лæмæгъ æма син ес батонæн.

Уавæр лæмбунæг рартасуни фæсте ци хатдзæгтæмæ æрцудтæн, уони туххæй зæгъунвæндæ искодтон 9-аг æфсади командæгæнæгæн. Майор Минаеви уомæ æрветгæй æз бафæдзахстон, цæмæй инæлар Коротеевмæ æхе бахата æма куд гæнæн ес, уотæ тагъддæр корпусæн ратта дууæ-æртæ танкитæхсæг полкки Гизæлæй цæгатæрдæмæ знаги нæдтæ æрæхгæнуни туххæй. Уомæй идарддæр ма цæмæй корпусæн тухтæ бафтауа Æрхонкæй Майрæмадаг æрдæмæ знаги тухтæ кæрæдземæй фæххецæн кæнуни цæф никкæнуни туххæй.

Бастдзийнади афицер куддæр рараст æй, уотæ нæмæ æрбалæудтæй æфсæдти цæгатаг къуари штаби минæвар инæлар майор Дашевский. Дзубандий рæстæг æ гъос æрдардта, гитлеронти ниццæвуни туххæй нæ фæндæмæ. Берæ нæ бадзебæл æй. Фæндадтæй æй разамундæн уавæр тагъддæр балæдæрун кæнун æма нæ фæнди фарс рахуæцун.

– Берæ аразгæ уодзæнæй – загъта Дашевский, – болкъон Ворожищеви къуарæй, Майрæмадаг æма Суаргом нæ раттунæй.

Еци фарста мæнæн дæр æнцойнæ нæбал лæвардта, фал æз æууæндтæн бригади командир Ворожищеви принципиалондзийнадæ æма фæразондзийнадæбæл, æ туґъдон курдиадæбæл.

Адæймаги базонуни туххæй, дан, æ хæццæ цæнхи пут бахуæрун гъæуй. Фронти адтæй бустæги æндæр фæткæ. 34-аг бригади командири туххæй æз мæ сæр къуæрди равардтайнæ, кæд цалдæр боней размæ базонгæ ан, уæддæр.

Ворожищеви къуари – Суаргом гъæуайгæнгути туххæй нифсинсæн ес æнæгъæнæ киунугæ. Корпусæй фæххецæн уогæй, е раздæри хузæн æнхæст кодта еци операций тæккæ ахсгиагдæр ихæстæй еу. Цалдæр бони фæд-фæдзи ами нæ банцадæнцæ карз туґъдтитæ. Суаргоммæ байервæзунбæл сæ бицъинæг тудтонцæ румынæгти 2-аг хуæнхон-фестæг дивизи, немуцаг полк «Бранденбург». Етæ еунæг нæ адтæнцæ, агъаз син кодтонцæ авиаци, артиллери, 60 танкей бæрцæ.

Æхсæвæ 3 ноябри Ворожищеви къуарбæл бафтудæнцæ Сараеви батальони байзайæггæгтæ, лейтенант Карибский сæ сæргъи, уотемæй. Ка 'рбацудæй, етæ нæуæгæй æрлæудтæнцæ туґъдонти рæнгъи, байахæстонцæ, ци бунæттæ син байамудтонцæ, уони. Уæлдай лæмбунæгдæр, тæккæ тæссагдæр рауæнти æрæвардтонцæ пулеметтæ. Балæдæрун кодтонцæ: ардигæй цæуæн ес айдагъдæр размæ. Фæстæмæ над нæййес.

11-аг гвардион фестæг корпуси размæ ци уавæр исæвзурдæй, уæдта инæлар Дашевский æма майор Минаев мах фæндитæ ке балæдæрун кодтонцæ, уонæмæ сæ гъос æрдардта разамунд: 3 ноябри нæмæ Æрхонкæмæ æрбацудæй æфсæдти къуари командæгæнæг.

– Ци уавæр уæмæ исæвзурдæй, уой зонун, – загъта Масленников куддæр медæмæ æрбахизтæй, уотæ. – Уой бæсти мин æмбал Рослый дæ фæндæ райхалæ.

Æз радзурдтон мæ гъудитæ знаги тохæн рауæнтæй еу – Æрхонкæй Майрæмадаг æрдæмæ ниццæвуни туххæй. Мæ дзубанди фæдтæн, уотемæй:

– Корпусæн артиллери æма танкитæй ку фæййагъаз кæнайтæ, уæд æнтæстдзийнадæбæл зæрдæдарæн ес.

Масленников расагъæс кодта æма загъта:

– Æма ци кæнуй, æмбал Рослый, дæ фæндæ мæгурау нæй. Нуртæккæ Ногирмæ æрбацæуй 10-аг фестæг корпус, сумахæн агъазмæ тагъд кæнунцæ фондз танкæхсæг артиллерион полкки. Уотæ нимайæн, æма машинæ искуста.

Дуккаг бон корпусмæ æрбацудæй Фæскавкази фронти командæгæнæг æфсади инæлар Иван Владимири фурт Тюленев. Æ хæццæ адтæй фронти штаби оперативон управлений косæг болкъон Константин Кирилли фурт Белоконов, уой хæццæ академий еумæ ахур кодтан.

Лæмбунæг мæмæ байгъосгæй, Тюленев загъта:

– Знаг фæммедæг æй сумах æхгæнунвæндæ ке кæнетæ, еци къæппæги. Æмбалгæ гъуддаг. Агъаз ба уин бакæндзинан. Еуминкъий æнæдзоргæй ралæудтæй, уæдта рафарста:

– Æма немуц Гизæлæй цæгатмæ ку ниццæвонцæ, Æрхонкæ ку байахæссонцæ æма 9-аг æфсади къилдунтæ æнсæндгæй ку рацæуонцæ, уомæй нæ тæрсис?

– Нæ, æмбал командæгæнæг, уомæн нур гæнæн нæбал ес, – федарæй загътон æз. – Инæлар Масленников корпусæн æрбарвиста фондз танкæхсæг артиллерион полкки æма си зæрдæдаргæй æрæхгæдтон еци над.

Иван Владимири фурт адтæй æ хуарз зæрди æма ракурдта цай…

Сæумæй 5 ноябри корпус райста 9-аг æфсади командæгæнæги бардзурд. Еци документ иссæй Гизæли туґъди пълани бундор.

Гизæли операцийæн разамунд барæгонд æрцудæй 9-аг æфсади командæнæг Константин Апполони фурт Коротеевæн, сæйраг тухтæ ба си адтæнцæ 10-аг æма 11-аг гвардион корпустæ, 2-аг, 52-аг, 63-аг æма 5-аг танкон гвардион бригадитæ, 9-аг æфсади артиллери æма 4-аг уæлдæфон æфсади авиаци.

Еци ихæсти фиццаг бони туххæй Советон Цæдеси Маршæл А.А. Гречкой киунугæ «Кавказбæл тох»-и загъд ес: «Рæфти 10-аг гвардион корпус 4-аг гвардион фестæг бригади тухти хæццæ 52-аг æма 2-аг танкон бригадити хæццæ еумæ нимпурста Гизæлмæ, фал знаги танкити контратакæн нæ бафæразта æма фæстæмæ æ бунатмæ раздахтæй. Фал уæддæр 11-аг гвардион фестæг корпуси æнтæстгин размæцуди фæрци знагбæл æнхæстæй æртухсунмæ берæ нæбал гъудæй».

11-аг гвардион фестæг корпуси æфсæдтæ размæ æмпурсун райдæдтонцæ 6 ноябри 9 сахатти æма 30 минуттебæл, 57-аг фестæг бригадæ 15-аг танкон бригади хæццæ еумæ æмпурста Дзиуаригъæу æрдæмæ. Райдайæни дууæ бригадей гъуддæгутæ дæр цудæнцæ хуарз. Фал нигулæнæй æрбахъæрттæй танкити устур къуар æма сæ æруорæдта нисанмæ æрдæг надбæл, ци нæ фæккодтан размæмпурст истухгин кæнунæн, фал нин си неци рауадæй. Дзиуаригъæу къохи нæ бафтудæй, бригадитæ сæ ихæс нæ исæнхæст кодтонцæ. Уой хигъд нигулæн æрдигæй цæф не 'руагътонцæ сæ синхæнттæбæл – 10-аг гвардион фестæг æма 69-аг танкон бригадитæбæл, равардтонцæ син скæсæн æрдæмæ парахат архайæн фадуат.

Мах корпусмæ ба нæуæгæй конд ка 'рцудæй, еци 10-аг гвардион фестæг бригади размæмпурст цудæй æнтæстгинæй. 63-аг танкон бригадæ, 98-аг гвардион минометон полк, 52-аг минометон дивизион æма син 66-аг гвардион уæззау артиллерион полк агъаз кодтонцæ, уотемæй æ хæйттæ æвеппайди нимпурстонцæ 370,3 бæрзæндæмæ, ниддæрæн кодтонцæ, сæ нихмæ лæуунвæндæ ка искодта, еци гитлеронти, æма æрбахъæрттæнцæ Майрæмадагмæ. Уоми байеу æнцæ Ворожищеви къуари хæццæ. Болкъон Сергей Михаили фурт Бушеви бригади тухгин цæф исæмбалдæй нисанбæл.

*(Уодзæнæй ма).*

**Идарддæр. Райдайæн 24-27-аг номерти.**



*Рагонкитайаг зундилæг **КОНФУЦИЙ** загъта: «Ездон адæймаги рази фæррæдуйæн ес æртæ хатти: дзорун ку не 'нгъеза, уотемæй ку дзорай, уæд рæузунд дæ; дзорун ку гъæуа, уæд ку нæ дзорай, уæдта римæхст зæрдæ дæ; уæдта ке хæццæ дзубанди кæнай, уомæн æ цæсгоммæ ку нæ кæсай, уæдта дæ исхонæн ес хъæрæу...»*



ХАЙТИ Лазæри ниййергутæ Моисей (Дæхуæ) æма Уханнæ.



Разæй бадунцæ Лазæри хуæртæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Раханат, Мимонæт, Мухъминæт, Маржан æма Тæйбæт. Сæ хæццæ – сæ киндзитæ æма сæ цæуæт, уæдта уони цæуæт.

# «БАФИСТАЙ ЦАРДИ УАГИ ДЕ 'ХÆСТÆ, НИУУАГЪТАЙ ДЗИЛЛИ 'ХСÆН КАДИ НОМ...»



ХАЙТИ Лазæр æригонæй

ДУЙНЕЙ исконд уотæ 'й, æма си адæймагæн æ уæлзæнхон цард, рæстæг, гъулæггагæн, æгæр цубуртæгонд рауайуй. Уогæ си уæддæр беретæн бантæсуй уой берæ арфиаг гъуддæгутæй банхæст кæнун. Сæ лæгдзийнæдтæ ба фæуунцæ уой аккаг, цæмæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ сæ имисонцæ, цитæ син кæнонцæ. Фал рæстæг уæхæн догъон æй, æма æ фудразмæмпурстæй зæрдæбæл даруни аккæгтæй берæ цидæртæ евгъуди талингити батар унцæ. Уомæ гæсгæ ба син берæ хæттити аккаг кадæгонд дæр нæбал фæццæуй. Сæ хуарзи кой ма конд фæццæуй хуæрз æстæнмæ, уой дæр хеуæнттæ æма зонгити медастæу.

Е ба æгириддæр раст нæй – æ царди медæгæ лæгдзийнæдтæй ка фескъуæлхтæй, уони рохс нæмттæ æвгъау æнцæ иронхуати байзайунæн. Ка 'й зонуй, еске уотæ дæр зæгъдзæнæй, гъома, еу фæлтæри хабæрттæ, ка 'й раййевуй, еци фæлтæрæн уадессаг нæбал фæуунцæ. Баруагæс уи уæд, аци загъд рæуонæн нæ бæззуй – æ карни хуæздæрбæл рæстуодæй ка сагъæс кæнуй, е евгъуд цæрæг фæлтæрти карни æхецæн пайдахæссæгæн берæ бафæнзуйнаг дæнцитæ иссердзæнæй.

Уомæ гæсгæ ба нæ бафæндадтæй, абони дæр ма дзиллæн хуæрзимисуйнаг ка 'й, уæхæн адæймаги æримисун. Æма нæ дзубанди ба уодзæнæй Хайти Моисейи фурт Лазæри туххæй – фулдæр, ка 'й зудта, уони имисуйнæгти фæрци. Уонæй еу – Хъанухъти Хъазбег, Уæрæсей къурути спортивон Æхсæнади тренер, СССР Цæдеси спорти æскъуæлхт мастер, XI Олимпаг гъæзтити чемпион. Æма е æ имисуйнæгтæй еуеми уотæ финсуй:

– Мæн фæндуй лæмбунæг радзорун Хайти Лазæри, дессаги искурдиадæгин спортсмени æма уæлтæмон удикондæй æнхæст адæймаги цардвæндаги туххæй радзорун. Лазæр райгурдæй устур æма цитгин гъæу Лескени. Ардигон гъæубæстæ уомæй сæрустур æнцæ, æма сæ цæрæн рауæн нимад цæуй Иристони тæккæ рæсугъддæр бунæттæй еуебæл, фал уомæй хъæбæрдæр ба син сæрустуйраг æй алкæддæр ке адтæй æма абони дæр гъæздуг ке 'й, берæ аллихузон арфиаг гъуддæгутæй ка фескъуæлхтæй æма сæ райгурæн гъубæстæн дæр, уæдта æнæгъæнæ Иристонæн дæр кадæ ка искодта æма кæнуй, уæхæн курухон æма номдзуд адæмæй.

Уони 'хсæн банимайун æнгъезуй Хайти Моисейи бийнонти, сæ цæуæти æма уони фæдонти. Сæ хъиамæтгун фидæ Моисей фæццардæй дууæ æма фондзинсæй анзи, сæ ниййерæг мадæ Æгъузарон Уханнæ ба æвдæс æма цуппаринсæй афæйи. Рæстзæрдæй аразтонцæ сæ карни хабæрттæ, кустонцæ сæ гъæуи еумæйаг хæдзаради.

Бийнонтæ гъæздуг адтæнцæ сувæллæнттæй. Раст зæгъгæй – фиццаг син æнтæстæй айдагъдæр кизгуттæ… Уой фæдбæл, ка 'й зонуй, уоййасæ нæ гъенцъун кодтайуонцæ ниййергутæ, æвæдзи, зæгъиуонцæ, Хуцау куд исунаффæ кодта, уобæл арази. Уогæ биццеуи исæнтæстмæ дæр куд нæ бæлдтайуонцæ, æма син æхсæзæймаг сувæллонæн фуригъоли хузæн биццеу ку фæззиндтæй, уæд кунæг нæ цийнæ кодтайуонцæ!.. Исхудтонцæ 'й Лазæр.

Æ сабийдоги рæстæгутæ уæхæн адтæнцæ, æма нæхъæртондзийнæдтæй – æмидзаг. Еугур еци зиндзийнæдтæ æхебæл ка бавзурста, Лазæрæн æ еци 'мгарæ, уæдта ма хæстæгдзийнадæ дæр ке хæццæ æййафтонцæ – дууæ хуæрей цæуæт адтæнцæ – е, нæ зундгонд поэт Хидирти Ехйа уотæ финста:

*Минкъий уогæй тугъди бæнтти*
*Мæ рагъæй ласинæ сог;*
*Бæгъæнвадæй нæ тар гъæдти*
*Седзæрау уинæ æстонг.*

*Салд къотæрбæл тæхгæцъеутæ*
*Бадиуонцæ мæ уæлгъос;*
*Къахдзонæгътæбæл биццеутæ*
*Гуриуонцæ мæ фалдзос.*

*Фæндæуидæ мæ сæ хæццæ*
*И бæрзонд къолтæй гурун.*
*Фал нæ уидæ мин уой бæрцæ*
*Евдæлон рæстæг æппун.*

*Минкъий уогæй тугъди бæнтти*
*Ке нæ байдзулдтæн ме 'фсес,*
*Уомæ гæсгæ си ме 'рхæнти*
*Иронхгæнæн некæд ес!*

Уæди сабийти карни туххæй хабæрттæ нури доги кæстæртæй, æвæдзи, æруагæс дæр нæ бауодзæнæнцæ, дестæ кæндзæнæнцæ, гъома, цъæдæхтæ уогæй куд ниффæразтонцæ уоййасæбæл зинтæн. Фал си баруагæс уæд, æцæгæйдæр уотæ ке адтæй. Е нæ, фал ма сæмæ уоййасæбæл уодихъаурæ разиндтæй, æма æрхæндæг кæнун сæ гъудий кæрони дæр нæ адтæй, сæ еци уавæртæ син æнæгъæнæйдæр цийнаг адтæнцæ. Гъе уотемæй архайдтонцæ сæ карнæ федауцæй аразунбæл, æма син е æнтæсгæ дæр кодта, иссæнцæ курухон, нæ дзиллæ сæрустур кæмæй æнцæ, уæхæн адæймæгутæ.

Лазæр, хуæрзæригон биццеу уогæй, фæццалх æй фæллойнæ кæнунбæл. Æнæзийнадæй сæумæй раги фестидæ æма хестæрти æмрæнгæ ислæууидæ гъæууон алли кустити: хуасæ карста, уой æнтудта, зæнхæ хумæ кодта, фонсмæ зилдæй… Цубурдзурдæй, æ бон куд адтæй, уотæ хестæрти хæццæ æвæлмæцгæй æмгуст кодта. Ка 'й зонуй, уой фæрци ирæзтæй æхсистиуонгæй. Биццеутæ, цит, будури ку æрæмбурд уиуонцæ æма уоми гъæбесæйхуæстæй ку ерис кæниуонцæ, уæд сæбæл Хайи-фурт фæхъхъæбæрдæр уидæ.

Фал, куд фæззæгъунцæ, хорбони дæр арв нигъгъæр кæнуй. Уотæ рауадæй Лазæри карни райдайæн дæр – гъулæггагæн, 1942 анзи фæссæйгæ 'й æма 'й уомæ гæсгæ 1953 анзи æ ниййергутæ ахур кæнунмæ равардтонцæ сахар Орджоникидзей къуæтти сабийти скъола-интернатмæ. Зæрдæй ибæл байархайдта æ хуæрæ Мухъминæт.

Лазæр фæсуроктæ уолæфти рæстæг ахид цудæй стадионтæмæ, уæлдайдæр ба си ескæцими ристæ ку уидæ, уæд уонæмæ кæсунмæ. Еухатт ба педагогон институти рæзти цæугæй, уоми спортивон залмæ къæразгæй бакастæй æма си æ кари фæсевæд – уæд ибæл цудæй æхсæрдæс анзи – гъæбесæй хуæцуни гаузбæл рахуæцæ-бахуæцæ кæнгæ ку фæууидта, уæд сæмæ æрхицæ кодта. Æма еци æндиудæй бацудæй уордæмæ. Æригон богалтæн разамунддæттæг ци бæзæрхуг лæг адтæй, уомæн æ къохти амундтитæй балæдæрун кодта е 'рбацуди сæр: «Гъæбесæй хуæцун мæ фæндуй, исахур мæ кæнæ!..» Еци лæг ба разиндтæй номдзуд гъæбесæйхуæцæг, спорти мастер Бекмæрзти Михал.

Сæ еци фембæлди фæсте рацудæй еуцæйбæрцæдæр рæстæг. Уæдмæ Бекмæрзи-фурт каст фæцæй педагогон институт æма 'й косунмæ рарвистонцæ бæзгъос сабийти скъола-интернатмæ. Æма гъе уотемæй аци ахургæнæндони рауадæй сæ нæуæг фембæлд. Лазæр, гъай-гъайдæр, сæрбæрзонд адтæй, гъома, уæхæн зундгонд устур лæги – ССР Цæдеси адæмти спартакиадитæй дууей, уæдта ма ССР Цæдеси чемпион, æхсæндуйнеуон ристи уæлахезон – хæццæ зонгæ ке 'й, уомæ гæсгæ. Иннемæй ма æ меднимæр бæлдтæй уой хузæн номдзуд богал исунмæ дæр.

Бекмæрзи-фурт дæр базудта Лазæри æма æримиста тренировкитæмæ цæунмæ куд гъавта, куд курдта барæ уомæй.

Михал аци скъолай косун ку райдæдта, уæд си æ фæрци берæ нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй. Уонæй еу – исфæндæ кодта ами ка ахур кодта, уони гъæбесæй хуæцунбæл исахур кæнун. Æма, зæгъун гъæуй, ахурдзаутæй берети бафæндадтæй уæд еци секцимæ цæун.

Еци рæстæги рабæрæг æй, Лазæрмæ цæйбæрцæбæл агъазиау спортивон искурдиадæ ес. Ахурдзау ма уогæй, уотемæй ист æрцудæй гъæбесæй хуæцунæй нæ республики скъоладзаути еугонд командæмæ. 1958 анзи ба гъæбесæй хуæцунбæл иссæй фæсевæди æхсæн чемпион (бархеуон спортивон æхснадæ «Спартак»-и Централон совети ристи). Æхебæл æвæлмæцгæй куста, æхе аллихузи дæр цæттæ кодта æма æ спортивон гъуддæгутæ рæстмæ кæнун байдæдтонцæ – ристи молун райдæдта.

Зæгъун æнгъезуй, æма устур цæсти-

Хъæрæсе-Черкесий Республики адæмон поэт Аппаков Ибрагим Шагабани фурти райгурдбæл 22 июли æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1937-2004).

варди адтæй айдагъ нæ республики нæ, фал цæдесон æмвæзади дæр. Уомæн æвдесæн мæнæ ауæхæн хабар: Хайти Лазæр 1957 анзи гъæуама рандадтайдæ Финляндимæ гъæбесæй хуæцуни еристæмæ, фал, гъулæггагæн, æ гъуддаг нæ фæррæстмæ ‘й. Цæветтонгæ, æ фиди фидæ Дзахо цардæй Америки, æма уæди рæстæгути фæткитæмæ гæсгæ ба, зæгъæн, фæсарæнти хæстæг кæмæн адтæй, уæхæн спортсмени, цийфæнди искурдиадæгин ку адтайдæ, уæддæр Советон Цæдесæй дуйнеуон еристæмæ нæ рауадзиуонцæ. Уомæ гæсгæ ба Лазæри еумæйаг команди номхигъди нихханхæ кодтонцæ.

Уæдмæ Хайи-фурт скъола æнтæстгинæй каст фæцæй, æма æ равгитæмæ гæсгæ ести бæлвурд дæсниадæ райсуни фæндæй ахур кæнунмæ бацудæй сахар Пятигорски техникуммæ, дæндæгути техникбæл исахур кæнунмæ.

Ахури гъуддæгутæ æнхæст кæнунмæ дæр арæхстæй, уой хæццæ ба ма æновудæй архайдта спорти дæр. Берæ агъазиау æнтæстдзийнæдтæй багъæздуг æй æ спортивон карнæ. Æскъуæлхгæ ба фæккодта, куд нæхемæ Цæдеси, уотæ сауæнгæ дуйнеуон еристи дæр. Уой туххæй берæ финст æрцæуидæ советон æма фæсарæйнаг мухури фæрæзнити. Æрхæсдзинан еу дæнцæ. Америки Еугонд Штатти арæзт æрцудæнцæ къуру спортсменти Гъæзтитæ – уони сæ гъомусадæмæ гæсгæ банимайун æнгъезуй нуриккон Паралимпаг гъæзтитæбæл. Гъе уоми Хайи-фурт уоййасæбæл фескъуæлхтæй, æма ин æ кой кæми нæ ракодтонцæ, еунæг уæхæн мухури фæрæзнæ дæр, æвæдзи, нæбал байзадæй.

Хъанухъти Хъазбеги имисуйнæгтæмæ гæсгæ, зæгъæн, америкаг газет «Вашингтон спорт» куд финста, уотемæй еци Гъæзтити федауцæ иссæй 57 кг уæзи гъæбесæйхуæцгути фембæлд. Гъæбесæйхуæцгутæ адтæнцæ иристойнаг Хайти Лазæр æма италиаг Игнацио Фабра, дуйней чемпион, Олимпиаг гъæзтити дууæ хатти æвзестæ призер. Фал уоййасæбæл номдзуд хуæцæги бон неци иссæй лескейнаг цæргæси – Хайти иуонгæхсарæ богали нихмæ ести æргъуди кæнун, цæмæй æй естихузи рамулдтайдæ. Мæнæ бæлвурдæй куд финстонцæ еци газети: «Вершина всех встреч на ковре, – в категории 57 кг Лазаря Хаева и блестящего итальянца Игнацио Фабра. Вот и ковер. Лазарь посмотрел в противоположный угол ковра, почесал затылок и улыбнулся. Арбитр пригласил их на ковер, после рукопожатия свисток, Игнацио уверенно и не спеша двинулся на противника. Но все пошло совсем не так, как предполагал итальянец. Фабра не ожидал от Лазаря дерзкого сопротивления. Со стороны казалось, что Лазарь зря храбрится… Четыре минуты схватки не принесли успеха ни одному, ни другому. Арбитр решает поставить Лазаря в партер. Зал замер, ожидая, что Фабра сделает свой знаменитый накат. Но нет, Лазарь словно прилип к ковру. Оторвать его с ковра не смог такой многоопытный Игнацио. Снова стойка, и здесь дебютант проявил незаурядную ловкость, проводит каскад приемов. Он не оставляет Игнацио ни единого шанса, несколько раз переводит в партер, сражается открыто, смело. Схватка закончилась победой Лазаря с явным преимуществом. Игнацио, поняв, что проиграл встречу, не подал даже руку Лазарю, кинулся к судейскому столу, опрокинув стол, схватил скамейку и давай дубасить судей. Решением судейской коллегии Игнацио Фабра был дисквалифицирован и остался даже без бронзовой медали. Это оказалось на руку иранскому борцу, между ними до встречи с Игнацио Фабра была ничья. И теперь все сложилось так, что иранец – чемпион. Лазарь довольствовался серебряной медалью. Такова фортуна в спорте... »

Еци фембæлд Лазæри тренер Бекмæрзти Михал дæр уæлдай хъæбæрдæр бадардта æ зæрдæбæл, уой туххæй æ имисуйнæгти киунуги дæр финста.

Хайти Лазæр ци берæ зингæ спортивон æнтæстдзийнæдтæй фескъуæлхтæй, етæ æ рæстæги хуарз зундгонд адтæнцæ, фал рæстæгутæ рацудæй æма сæ, ка ‘й зонуй, нæ дзилли нæуæг фæлтæртæ уоййасæбæл бæлвурд нæ зондзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ ба сæ уæддæр цубурæй ранимайдзинан: Хайти Лазæр æхсæз хатти рамулдта ССР Цæдеси уæгъдебарæ гъæбесæй хуæцунбæл еристæ, аст хатти иссæй чемпион æма призер Советон Цæдеси профцæдести (ВЦСПС-и) еристи, цуппæрдæс сугъзæрийнæ майдани райста Уæрæсей чемпионатти. Етæ федауцæ æрттивд кодтонцæ Лазæри фæтæн реуæй. Мадта куд тренер, уотæ дæр ин берæ бантæстæй – æ гъомбæлгæнуйнæгтæй спорти æскъуæлхт мастертæ иссæнцæ Кокойти Сергей æма Омар Юсупов, Олимпаг гъæзтити призертæ, дуйней чемпионтæ, æхсæндунеуон къласи спорти мастертæ Абайти В., Тæболти Т., Цекъойти В., Зугъутати К., Хъанухъуати С., Даний Олимпиаг гъæзтити бронзæ майдан рамолæг спорти мастер Хъулати А., Сотити С., Хъæсохти А., Дзиуати О. æма æндæртæ. Спортивон делегаций хæццæ адтæй Нæуæг Зеландий, Италий æма æндæр паддзахæдти.

Ке зæгъун æй гъæуй, хумæтæги лæхъуæн нæ адтæй Хайти Лазæр. Æ уæлзæнхон царди медæгæ æ зæрдæбæл дардта Дигорон аййевадон литератури бундорæвæргутæй еуей, нæ номдзуд финсæг Малити Гадой фурт Геуæргий фæдзæхст:

*– Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном…*

Гъо, æцæгæйдæр, Хайти Лазæр айдагъ æ кадгин муггаг, æ райгурæн Лескени гъæубæстæн нæ, фал ма æнæгъæнæ Иристонæн æма нæ хъазар Райгурæн бæстæн дæр искодта кади устур ном. Некæд некæмæй фæстагдæр байзадæй арфиаг гъуддæгутæ аразунæй. Адтæй æнгом бийнонти фидæ, æскъуæлхт спортсмен, тренер æма æцæг алайнаг (ирон-дигорон) лæгау лæг.

Хестæр кадгин æма æгъдаугин кæми æй, кæстæртæ ба – æнæзийнадæ лæггадæгæнгутæ, уоми бæркад æма амонд, гъай – гъай дæр, ес. Уæхæн бæлдтаг цардæй, сæ кæдзос удвæллойнæй цардæнцæ Хайти æнгом бийнонтæ дæр. Æнæ мæнгæттæ æма æнæ козбауæй нæ бон æй зæгъун: аци бийнонтæй æзнæт дзурд некæд райгъустæй. Кæстæрæй-хестæрæй лæггадæ кодтонцæ хæдзари кадгин хестæр Лазæрæн. Некæд æй нецæмæ гъæуагæ ниууагътонцæ.

Æрæги дæр ма Хайти Лазæри æнгом бийнонтæ игъæлдзæг æма уарзонæй бæргæ æрвистонцæ сæ царди бонтæ. Фал… Æгъатир уодесæг-уодхæссæг сау адзал æ хеваст миуæ кæнун ахур æй. Æгириддæр нæ зонуй тæрегъæд æма хатир кæнун. Æнæнгъæлти æрбалæудтæй, хуæддзо «иуазæгæй», кæдзосзæрдæ, цийной æма адæмуарзон Хайти Лазæри уæлгъос…

Зæгъæн дæр ин нæййес: тухуаст зин æй фæстаг, рандæ уо æма мабал æрбаздæхæ, зæгъгæ, еци надбæл æрветун, бийнонтæн сæ федар цæгиндзæ, сæ батухсти сахатти сæ устур нифс ка адтæй, еци хестæри… Гъо, фал адзалæн æности дæргъи дæр мадзал ку нæййес.

Хайти Лазæри фæсте æ уарзон бийнонтæ æма устур ахил æрхæндæгæй æрветунцæ сæ бæнттæ. Сæ курухон хестæри уарзæгой зæрдæ, æ боц гъуддæгутæ ин æ цардбæллон кæстæртæ æма æмбæлттæ цæрæнбонти сæ хæццæ сæ зæрдити хæсдзæнæнцæ, сæ медуод цæрдзæнæй, æ зундамонæн менеугутæй æй фæнздзæнæнцæ…

Хайти Моисей æма Æгъузарон Уханни фурт Лазæр æ фæсте ниууагъта ирд æма арф фæд. Уæлæбæл байзадæй æ фарнæ.

Лазæр, адæмæн куд уарзон æма æнæмаст, кадгин адæймаг адтæ, Нарти кæнти – мæрдтибæсти дæр еци амондæй хайгин уо. Рохс дзенети дин бунат уæд. Дæ фæсте ке ниууагътай, уонæбæл ба цардауодæн кæнæ...



ХАЙТИ Лазæр – еристи уæлахезон.

… Нæ номдзуд поэт Хидирти Ехйа æ æдзард æнсувæр Мæхæмæти туххæй кæддæр ниффинста æмдзæвгæ «Мæ рохсаггаг æнсувæр Мæхæмæт», кæцими ес мæнæ ауæхæн рæнгъитæ:

*Бафистай царди уаги де ‘хæстæ,*
*Ниууагътай дзилли ‘хсæн кади ном,*
*Фæрристæнцæ дæубæл дæ гъæубæстæ,*
*Имисуй дин дæ ном Дигоргом…*

Кæд аци æмдзæвгæ, ку зæгъæн сæрмагондæй Ехйа е ‘нсувæр Мæхæмæти туххæй ниффинста, уæддæр нæ бон æй уотæ зæгъун, æма, ци гъудитæ си ес, уони зæгъун æнгъезуй Хайти Лазæри туххæй дæр – уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма кæрæдзей хуарз зудтонцæ, адтæнцæ æмзæрдæ æмгъæуккæгтæ, уой хæццæ ба ма, мæнæ ‘й нæ дзубандий райдайæни ку загътан, хуæрзхæстæгутæ дæр æййафтонцæ. Никки ба – нур сæ дууæ дæр се ‘носон дуйней æнцæ æма сæ имисуни еугур зæгъдтитæ дæр сæ дууебæл дæр æмхузонæй исфедаудзæнæнцæ…

***Хеуæнтти номæй***
***ХИДИРТИ Мæхæмæти фурт Валерий,***
***ХАЙТИ Хапъати кизгæ Ларисæ.***
***Лескени гъæуæй.***



ХАЙТИ Лазæр (рахесæрдигæй) æ гъомбæлгæнуйнæгтæ æма е 'мгустгæнгути хæццæ.



ХАЙТИ Лазæр (астæуæй) е ‘мкосгути хæццæ.

**Дагестани культури æскъуæлхт косæг, финсæг æма публицист Шурнаева Мийасат Нажмутдини кизги райгурдбæл 25 июли æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1937-2018).**

*Номдзуд итайлаг финсæг Джованни БОКАЧЧО (1313-1375) уотæ загъта: «Сæйги æнæнез исун ку фæндæ уа, уæд æй уотæ нимайæ: дзæбæх кæнун райдæдта... Ахид уотæ дæр рауайуй: адæймаг æнгъæлуй, цума имæ амонд идард æй. Е ба æнæстуф къахдзæфтæй æрбацудæй æма къæсæрбæл лæууй...»*

# СÆРДИ ТÆВДИТИ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..

***Тъæнгти незтæ 'нцæ уæззау инфекцион хуæцгæ незтæ, уонæмæ хаунцæ: губуни тиф, паратифтæ, губуннез (дизентерия), халерæ æма иннетæ. Сæ расайæг микроорганизмтæ тъæнгтæй ку рацæуунцæ, уæд бахаунцæ зæнхæмæ, донмæ, хуæруйнагмæ, уоми берæ рæстæг фæццæрунцæ æма уотемæй адæймаги æнæнездзийнадæн фæуунцæ тæссаг.***





Тъæнгти незтæ расайæг инфекцихæссæг æй аци незтæй сæйгæ адæймаг. Уомæй багъæуай кæнунæн ес, санитарон мадзæлттæ æма гигиени хумæтæг домæнтæ æнхæст кæнгæй. Уони ка не 'нхæст кæнуй, уæхæн сæйгæ, цæбæлфæндидæр къохтæй бамбæлгæй ибæл ниуудзуй микробтæ. Уой фæсте ибæл æнæнез адæймаг ку бамбæла, уæд микробтæ байзайунцæ æ къохтæбæл, идарддæр ба гъæлæсмæ бахъæртдзæнæнцæ, уæлдайдæр, адæймаг æ къохтæ ку не 'хсна, æ нихтæ ку 'хсина, уæд. Сувæллæнттæбæл тъæнгти нез ахид бацæфсуй, алцидæр сæ гъæлæсмæ ке есунцæ, уой туххæй. Уотемæй хæлеу кæнунцæ тъæнгти инфекцитæ.

Еуæй-еу хуæруйнæгтæ, зæгъæн, аллихузон салаттæ, паштеттæ, фарш уæлдай хуарз æнцæ микробти парахаттæн. Уæхæн хуæруйнæгтæн уазалгæнæни дæр берæ дарæн нæййес. Губуннез æма тъæнгти æндæр незтæ ахид бацæфсунцæ цъумур рæзæ æма халсартæй. Уæлдай тæссагдæр æй хуæргæнасæй, пъамидорæй, фæткъу æма æндæр рæзæ æма халсартæй, уомæн æма сæ тæвдæ дони нæ фехснунцæ. Тъæнгти незтæ фæззиннунцæ хом æхсир ниуазуни фудæй, сауæнгæ дони фудæй дæр. Уаруни æма æндæр цъумур дæнттæ ахид бахаунцæ, æ сæр хуарз æхгæд кæмæн не 'рцудæй, уæхæн донуæттæмæ кенæ, хуарз арæзт ка не 'рцудæй, уæхæн цъайтæмæ.

Инфекци парахатгæнгутæ 'нцæ биндзитæ дæр. Карз инфекцион тъæнгти незтæй адæм ахиддæр сæйгæ кæнунцæ сæрдигон. Уонæй багъæуай кæнуни мадзæлттæ 'нцæ хумæтæг, фал зæрдæбæлдаруйнаг:

– фиццагидæр, къохтæ алкæддæр гъæуама уонцæ кæдзос, æхснун сæ гъæуй хуæрди размæ, хуæруйнаг кæнуни райдайуни размæ, сувæллонæн хуæруйнаг даруни размæ, иуазæгдонæй алли рацуди фæсте дæр;

– халсартæ, рæзæ, гагарæзæ хуæрун æнгъезуй, цалдæр донеми сæ ку нихснайтæ, уæдта сæбæл фицгæ дон ку рауадзайтæ, айдагъдæр уой фæсте;

– æ сæр игон кæмæн æй, уæдта, æ уавæр зæрдæдзоргæ кæмæн æй, уæхæн донуат кенæ цъайæй ниуазуни дон гъæуй фицун;

– æхсир дæр гъæуй фицун;

– кæми цæретæ, еци бунати кæдзосдзийнадæ гъæуай кæнетæ;

– биндзæ хæдзарæмæ ма уадзетæ, хуæруйнæгтæ гъæуай кæнетæ, биндзæ сæбæл куд не 'рбада, уотæ;

– губуннез минкъийдæр бафеппайгæй, дохтирмæ батагъд кæнетæ, адæймаг æхуæдæг æхе дзæбæх кæнун райдайа, уомæн æруадзæн нæййес.

Аци хумæтæг амундтитæ æнхæст кæнгæй, тъæнгти инфекцийæй уæхе багъæуай кæндзинайтæ.

# УАЛДЗИГОН НЕЗТÆ ÆМА ЗАЙÆГОЙТИ РУГÆ



***Сæрдигон рæстæг ка æхснирсун райдайуй, ка хуфун, кæмæндæр ба æ цæстисуг кæлун райдайуй. Е æй аллергийæ, дохтиртæ ма аци нез хонунцæ «уалдзигон поллиноз». Аллергийæ ци æй, циуавæр незихатт, уой медицинæ амонуй уотæ: нез расайунцæ кæцидæр бауæргъæдтæ – аллергентæ – уæлдай хъæбæрдæр ка фенкъаруй, уомæ фæззиннуй поллиноз кенæ ба – аллергийæ.***

Аллергийæ ке тухсун кæнуй, етæ, ка 'й зонуй, æма лæдæргæ дæр нæ фæккæнунцæ, сæ гъигæдарæг аллергентæ сæ алливарс, аллирдигæй ке 'нцæ, уой. Аллергентæ 'нцæ берæ аллихузон – ке нæ къæхти буни горцъетæбæл кенæ фæрстæбæл ци ругæ æрбадуй, е гъигæ даруй, ке æ хæдзари рази ци бæласæ ирæзуй, уомæн æ деденæги ругæ, ке ба багъигæдардта æзинæ ци хуасæ баниуазта, е æма уотæ идарддæр. Адæймаги организммæ бахаунцæ уæлдæфæй дæр, æ уолæфæнтæй дæр, сауæнгæ укол кæнгæй дæр. Беретæн ба сæ нез расайæг æй амбрози, бæлвурддæр зæгъгæй – æ ругæ.

Поллиноз алкæддæр фæззиннуй анзи еци-еу афони æма æхе æвдесуй еци-еу хузи: амбрози æ тæккæ деденæгкалуни ку фæууй, уæд нез дæр искарз уй. Фал куддæр деденæг калд фæууй, уотæ адæймаг дæр æ незæй фæййервæзуй.

Мадта бонигъæдæ дæр ахедуй поллинозæй сæйгити уавæрбæл: уаруни рæстæг син фæууй æнцондæр, сор, тæвдæ бони ба бустæги лæгъуз. Айдагъ æхснирсун æма цæстисугæй гъуддаг нæбал фæххецæн кæнуй, исбæрзонд уй бауæри тæвдæ, сæр тъæппитæ хаун райдайуй, сæйгæ мæстгун дæр исуй. Еу-цуппар анзи æма уомæй фулдæр аци незæй ка сæйуй, уонæмæ аллергийæ расайуй никки уæззаудæр незтæ – гайморит, бронхиалон астмæ æма æндæртæ.

Аллихузи ругтæ ке гъигæдарунцæ, поллинозæй уæхæн сæйгитæ гъæуайкæнуйнаг æнцæ, тæссагдæр син ка 'й, уæхæн тухтæй. Циуавæр æнцæ еци тухтæ? Фиццагидæр, етæ æнцæ адæймаг еудадзуг сæйгæ кæмæй æй, еци незтæ. Поллинозæй сæйгитæ куд дзорунцæ, уотемæй, ругæ сæ ку нæма гъигæдардта æма сæмæ аллергийæ ку нæма адтæй, уæд уой размæ садæнцæ æндæр незтæй, æма еци незти профилактикæ еци-еу рæстæг æй профилактикæ поллинозæй дæр.

Поллиноз адæймагмæ куддæр фæззиннуй, уотæ, æнæмæнгæ, гъæуама бацæуа дохтир – аллергологмæ. Е ин æ уавærмæ цæстæ дардзæнæй, кæдмæ гъæуа, уæдмæ. Сæйги гъæуй хе гъæуай кæнун, ка 'й гъигæдаруй, еци ругæй, гъома, æнхæст кæнун гъæуй незги профилактики мадзæлттæ:

◆ ци деденæги ругæ æй гъигæдаруй, уомæн æ калуни рæстæг адæймаги гъæуй рацæун еци деденæг кæми нæ зайуй, уæхæн рауæнмæ;

◆ сæумæй раги æндæмæ цæугæ нæй;

◆ хор бони сæумæй æндæмæ рацæугæй, бакæнун гъæуй кæсæнцæститæ, фий ба æмбæрзун уомæл къохмæрзæнæй;

◆ сор думги рæстæг къæрæзгитæ гъæуй æхгæдæй дарун;

◆ уатмæ кæдзос уæлдæф уадзун гъæуй айдагъдæр уаруни фæсте;

◆ адæймаг бонæ дууæ хатти æхебæл гъæуама дон æркала;

◆ гъæунгæй хæдзарæмæ æрбацæугæй дзиккотæ гъæуй нихснун.

Поллинозæй сæйгитæ се 'нæнездзийнадæбæл гъæуама уæлдай хъæбæрдæр тухсонцæ, сæ цæстæ фулдæр даронцæ ОРВИ, грипп æма иннæ инфекцион незти профилактикæмæ. Æргом уæлдай хъæбæрдæр æздахун гъæуй организм федардæр кæнуни гъуддагмæ. Физикон æгъдауæй федар ка уа, уомæн незтæй, уой хæццæ аллергентæй дæр тæссаг нæй.

Профилактикон мадзæлттæй сæ ахсгиагдæр еу æй кæрдæгутæ æма зайæгойтæ афойнадæбæл никкæрдун, уæд етæ уæлдæфмæ сæ ругæ нæ калдзæнæнцæ, е ба, ке зæгъун æй гъæуй, адæми æнæнездзийнадæбæл хуæздæрæрдæмæ фæззиндзæнæй. Æма еци гъуддагбæл гъæуй нæ еугурей дæр еумæйагæй архайун.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР.

Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1477.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 21.07.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.07.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**